



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 3 avril 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAK IMATRIKILASYON WOUJ POU ETA AK MACHIN REPOUS IJANS
GOUVÈNMAN LOKAL AK ETA**

***Plak wouj yo pral ede ajans kap fè respekte lalwa pou yo idantifye machin yo pandan gwo tanpèt
oswa nan ka dijans yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Depatman Motè Veyikil pral kòmanse pibliye premye plak imatrikilasyon wouj depatman ijans eta New York pou machin yo ki anrejistre a ajans Eta ak sou divizyon politik tankou konte, vil, bouk, ak vilaj yo. Machin yo ki sèvi yon wòl enpòtan pral genyen nouvo plak imatrikilasyon ijans pou asire ke yo genyen aksè imedyat nan kote ki afekte pandan yon ijans nan eta ansanm avèk priyore aksè pou byen tankou apwovizyonman gaz nan ka dijans. Plak imatrikilasyon wouj yo pral pote yon nouvo endikatè Jesyon Ijans (EM) pou idantifikasyon rapid.

“New York te viv nan nouvo reyalite repete tanperati meteyolojik sevè ak dezaz natirèl e nap re-imagine chak pati nan fason eta nou an reponn kidonk lè pwochen tanpèt la vini, nap pare,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nap distribye nouvo plak imatrikilasyon ijans wouj yo a gouvènman ak ajans lokal gratis pou ede priyore efò repons nou nan tout eta. Sa a pral ede ajans kap fè respekte lalwa ak sekouris yo reponn pi rapid ak kenbe Nouyòkè yo ansekirite lè pi move bagay la pase.”

Nouvo plak imatrikilasyon yo pral genyen yon fon blan ak yon banyè wouj avèk deziyasyon “EM” ki parèt nan kwen anwo sou lamèn goch. Non ajans eta oswa sou-divizyon politik ak konte prensipal li pral egalman parèt sou plak la. “Eta” pral parèt anba plak ajans eta. Ou kapab wè modèl imaj nouvo plak yo [la](#) ak [la](#).

Depatman Homeland Sekirite ak Sèvis Ijans Eta New York pral detèmine ki kantite plak wouj ki pral disponib a plizyè ajans ak lokalite yo. Inisyelman pifò lokalite yo pral gen dwa pou anrejistre pou yon kantite minimòm plak wouj. Machin nan dwe swa posede oswa kontwole ak anrejistre nan non ajans eta oswa lokalite a nan fason pou l elijib pou nouvo plak imatrikilasyon an. Anplis, ofisyèl nan gouvènman ki pi wo plase nan chak lokalite pral sètifye ke machin ki idantifye a kalifye pou pwogram sa a.

Haitian Creole

Dènyènman yo te voye lèt bay chèf nan ajans eta yo ak sou divizyon politik ki kalifye yo pou fè yo konnen disponibilite plak sa yo ak pou ba yo enfòmasyon sou kijan pou yo aplike. Nouvo plak sa yo pral kòmanse distribye bay ajans ak sou-divizyon politik yo nan fason yo resevwa ak trete aplikasyon yo. Pa gen frè pou nouvo plak yo.

Yon sou-divizyon politik defini tankou yon sou-divizyon Eta New York ki te delege sèten fonksyon ofisyèl nan gouvènman lokal ak eta sa ki gen ladan yon antite gouvènman ki te kreye pa, oswa anba otorite, lwa eta. Óganizasyon volontè yo se pa sou-divizyon politik.

Barbara J, Fiala, Komisyonè Depatman Motè Veyikil te deklare, “Nou sèten ke lè nou bay plak ijans sa yo a plizyè antite lokal ak nan eta sa pral benefisye tout Nouyòkè yo nan tan ijans oswa tanpèt enpòtan. Nou pral travay avèk DHSES ak plizyè lokalite pou asire ke plak sa yo distribye nan yon delè rezonab.”

Komisyonè Divizyon Homeland Sekirite ak Sèvis Dijans Eta New York, Jerome M. Hauer, te deklare, “Sa a se yon lòt konpozan nan plan Gouvènè Cuomo pou asire New York se eta ki pi byen prepare nan peyi a. Plak sa yo pral ede rapidman nan idantifye moun ki genyen bezwen enpòtan pou antre nan zòn ki te gen aksè limite e ki ta dwe sou wout yo nan tan dijans. Se yon lòt etap annavan nan pi byen prepare eta nou.”

Pou enfòmasyon adisyonèl, sou disponibilite plak yo ak itilizasyon, kontakte Divizyon Homeland Sekirite ak Sèvis Ijans Eta New York nan (518) 242-5202.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418